



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE FAZ GAYAN KONKOU FOUTBÒL
#VAXANDWIN FOOTBALL LA NAN PATENARYA AVÈK EKIP FOUTBÒL
PWOFESYONÈL NEW YORK YO**

**Pri a genyen ladan I, tikè pou match, eksperyans nan match eksepsyonèl, ak plis
toujou nan Buffalo Bills, New York Giants ak New York Jets**

***Tout Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 yo 9 septanm jiska 24
oktòb, kalifye; Paran ak responsab yo ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-17 an yo***

***Kat lòt tiraj ap fèt nan tiraj yo pwograme ki disponib lan [isit la](#); Nouyòkè ki kalifye
yo ka antre nan konkou a [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan premye faz [Konkou Foutbòl #VaxandWin](#) Eta New York la - yon nouvo pwogram motivasyon pou ankouraje Nouyòkè ki pa ko vaksinen yo pou vaksinen nan patenarya ak ekip foutbòl pwofesyonèl New York yo.. Prim pou moun ki genyen yo enkli biyè pou match, eksperyans espesyal nan match yo, vizit estad, ekipman ekip ki siyen, apèl FaceTime ak ansyen jwè yo, ak plis ankò nan Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets. Eta New York ap administre tiraj osò a epi y ap seleksyone nouvo gayan yo chak semèn sou senk semèn antou. Gen kat tiraj ki rete apre semèn sa.

Tout Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 yo 9 septanm jiska 24 oktòb 2021 yo, kalifye. Paran ak responsab yo ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-17 tan yo [isit la](#).

"Nou kontinye fè tout sa ki posib pou ankouraje Nouyòkè tout laj vaksine," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip pwofesyonèl New York yo te rejwenn Eta a nan travay sa avèk nouvo Konkou Foutbòl #VaxandWin yo. Pwogram motivasyon sa se yon lòt rezon ankò pou Nouyòkè yo twouse manch yo ansanm, tankou yon sèl ekip New York, nou ka defèt COVID la yon fwa pou tout. Mwen felisite tout gayan premye tou a paske yo fè pati pa yo, epi mwen remèsye ekip pwofesyonèl New York yo pou sipò yo k ap ede nou selebre Nouyòkè ki vaksinen yo."

Gayan premye tou yo se:

Prim Buffalo Bills:

- Andrew Pullan, Konte Chautauqua
- John Castillo, Bronx
- James Chantry, Konte Onondaga
- James Verhagen, Konte Orleans
- Aaron Cos, Konte Erie
- Theresa Peck, Konte Oswego

Prim New York Giants:

- Kelly Richmond, Konte Washington
- Kayli Valerio, Konte Ontario

Prim New York Jets:

- Andrew Rippel, Konte Suffolk
- James Brown, Jr., Konte Saratoga
- Emilio Rojas, Bronx
- Theresa Signorile, Staten Island
- Mary Jane, Hughes, Konte Nassau

Depatman Sante Eta New York la te verifye estati vaksinasyon gayan yo.

Nouyòkè yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon lokal vaksen ki tou pre yo epi pran vaksen kont COVID-19 jodi a.

Pou aprann plis sou konkou foutbòl #VaxandWin Eta New York la, Nouyòkè ki enterese yo ka vizite sit la [isit la](#) e Nouyòkè elijib yo ka antre nan konkou a [sit la](#).

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an ny.gov/vaxtoschool oswa swiv [@VaccinateNY](#) sou Instagram.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)